

Enfòmasyon ou yo. Dwa ou yo. Responsablite nou yo

Avi a bay esplikasyon sou:

- KI JAN YO KA ITILIZE AK METE DEYÒ ENFÒMASYON SANTE SOU W OU
 - DWA OU NAN SAK GEN POU WÈ AK ENFÒMASYON SANTE W YO
 - KI JAN POU DEPOZE YON PLENT POU YON VYOLASYON SEKRE OSWA SEKIRITE ENFOMASYON SANTE OU YO, OSWA DWA OU YO KONSÈNAN ENFÒMASYON OU YO
- OU GEN DWA POU JWENN YON KOPI AVI SA (SOU FÒM PAPYE OSWA ELEKTWONIK) AK POU DISKITE SOU LI AK MICHELE GAVIN NAN **515-875-4500 OR MICHELEGAVIN@LCSLIVING.COM** SI W GEN NENPÒT KESYON.

Tanpri pran tan w pou li l.

DWA OU YO

Ou gen dwa pou :

- Konsanti ak pi fò itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon sante w
- Jwenn yon kopi dosye sante ak reklamasyon ou yo
- Koriye dosye sante w ak reklamasyon ou yo
- Mande kominikasyon konfidansyèl
- Mande nou pou n limite enfòmasyon nou pataje yo
- Jwenn yon lis moun nou pataje enfòmasyon ou yo ak yo
- Jwenn yon kopi avi sou konfidansyalite sa
- Diskite avi sa a ak yon moun nan pwogram nou an
- Chwazi yon moun pou aji pou w ou
- Depoze yon plent si ou kwè dwa sou vi prive ou yo vyole

SA OU CHWAZI YO

Ou ka deside sou jan nou itilize epi pataje enfòmasyonpandan n ap:

- Reponn kesyon konsènan kouvèti asirans fanmi ak zanmi ou yo genyen
- Bay sekou nan ka dezaz
- Fè pwomosyon sèvis nou yo epi vann enfòmasyon ou yo

ITILIZASYON AK PIBLIKASYON NOU YO

Nou kapab itilize ak pataje enfòmasyon ou yo pandan n ap

- Ede jere tretman swen sante ou resevwa
- Fè òganizasyon nou fonksyonnen
- Peye pou sèvis sante ou yo
- Jere plan ou
- Ede ak pwoblèm sante ak sekirite piblik
- Fè rechèch
- Respekte lalwa
- Reponn ak demann don ògann ak tisi epi travay ak yon doktè lejis oswa direktè finèb
- Reponn ak demann konpansasyon pou aksidan travay, lapolis ak lòt demann gouvènman
- Reponn ak pouwit ak aksyon lajistis

Nan sikonstans sa yo, nou dwe pwoteje enfòmasyon w yo epi limite jan nou itilize epi pataje yo.

DWA OU YO

Depi se enfòmasyon sante w, ou gen sèten dwa. Seksyon sa esplike dwa ou yo epi sèten nan responsablite nou pou ede w.

Jwenn yon kopi dosye sante ak reklamasyon

- Ou ka mande tou pou wè oswa jwenn yon kopi dosye sante ak reklamasyon ou ansanm ak lòt enfòmasyon sante nou gen sou w ou. Mande nou kijan pou w fè sa.
- N ap founi yon kopi oswa yon rezime dosye sante ak reklamasyon ou yo, nòlmalman sou 30 jou apre demann ou. Nou ka chaje w yon frè rezonab ki baze sou kou.

Mande nou pou n korije dosye sante w ak reklamasyon ou yo

- Ou kapab mande nou pou n korije dosye sante ak reklamasyon w si ou panse yo pa kòrèk oswa pa konplè. Mande nou kijan pou w fè sa.
- Nou ka di “non” pou demann ou an, menm n ap di w tou poukisa alekri anvan 60 jou.

Mande kominikasyon konfidansyèl

- Ou kapab mande nou pou n kontakte w nan yon fason espesifik (pa egzanp, telefòn lakay oswa biwo) oswa voye mel nan yon lòt adrès.
- N ap konsidere tout demann rezonab yo, epi n dwe di "wi" si ou di nou ou ta nan yon sitiyasyon danje si nou pa fè sa.

Mande nou pou limite sa nou itilize oswa pataje

- Ou ka mande nou pa itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sante pou tretman, peye lajan oswa aktivite swen sante nou yo apre ou bay konsantman pou tout rezon sa yo.
- Nou pa blije asepte ak demann ou an, epi nou ka di “non” si pa egzanp, sa ta ka afekte swen ou. Si nou dakò ak demann ou an, nou ka toujou pataje enfòmasyon sa yo sizoka ou bezwen tretman pou ijans.

Jwenn yon lis moun sa yo nou pataje enfòmasyon ak yo

- Ou ka mande pou yon lis (kantite) fwa nou pataje enfòmasyon sante w pandan sis lane anvan dat ou mande a, moun nou pataje yo ak yo, epi poukisa.
- N ap mete ladann tout piblikasyon esepite pou sa k konsène tretman, peman ak operasyon swen sante ak sèten lòt piblikasyon (tankou nenpòt ou te mande nou fè). N ap founi yon rapò kontab yon fwa nan ane a gratis men n ap chaje yon frè rezonab sou baz pri sèvis la si ou mande w pou yon lòt anvan 12 mwa.

Jwenn yon kopi avi sou konfidansyalite sa

Ou kapab mande yon kopi papye avi sa nenpòt lè, menm si ou dakò pou resevwa avi a pa mwayen elektwonik. N ap bawou yon kopi papye touswit lè ou fè demann lan.

Diskite avi sa a ak yon moun nan pwogram nou an

Ou kapab poze kesyon oswa jwenn plis enfòmasyon sou avi sa ak pratik vi prive nou yo nan telefòn oswa imel ak moun pou kontakte a ki anlè tè avi a.

Chwazi yon moun pou aji pou w ou

- Si ou bay yon moun yon pwokirasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa ka egzèsè dwa ou yo epi deside sou enfòmasyon sante ou yo.
- Nou asire nou moun gen otorite sa epi kapab aji pou w ou anvan nou fè nenpòt aksyon.

Depoze yon plent si w santi dwa ou yo vyole

- Ou kapab fè yon plent si ou santi nou vyole dwa , pou sa kontakte nou ak enfòmasyon yo ki sou paj 1.
- Ou kapab deposite yon plent ak Department of Health and Human Services Office for Civil Rights ak yon lèt w ap voye nan 200 Independence Avenue, S.W. Washington, D.C. 20201, w ap rele 1-877-696-6775, oswa vizite www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.
- No pap fè reprezay kont ou paske w deposite yon plent.

SA OU CHWAZI YO

Pou sèten enfòmasyon sante, ou kapab di nou kisa w chwazi pou nou pataje. Si ou gen yon preferans klè pou jan pou nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiyasyon nou detaye anba la, pale ak nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi n ap swiv konsiy ou yo.

Nan ka sa yo, ou gen alafwa dwa ak posiblite pou pale ak nou pou di nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pre oswa lòt moun ki enplike nan peye pou swen ou
- Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou apre yon katastwòf

Si ou pap kapab di nou sa w pito, pa egzanp si w endispoze, nou ka pataje enfòmasyon nou panse ki nan pi bon enterè ou. Nou ka pataje tou enfòmasyon ou yo lè sa nesèsè pou soulaje yon menas lanmò oswa sekirite gran ki preske rive.

Nan ka sa yo nou pa janm pataje enfòmasyon sòfsi ou bannou pèmisyon alekri:

- Rezon maketing
- Vann enfòmasyon ou yo

ITILIZASYON AK PIBLIKASYON NOU YO

Kijan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou yo?

Nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou yo nan fason annapre yo.

Ede jere tretman swen sante ou resevwa

Nou kapab itilize enfòmasyon sante ou yo epi pataje yo ak pwofesyonèl kap trete w yo.

Egzanp: Yon doktè voye ba w enfòmasyon sou dyagnostik ak plan treman ou pou nou ka fè aranjman pou lòt sèvis.

Fè òganizasyon nou fonksyonnen

- Nou ka itilize epi mete deyò enfòmasyon ou yo pou fè òganizasyon nou an fonksyonnen epi kontakte ou lè sa nesèsè.
- Nou pa otorize itilize enfòmasyon jenetik pou decide si n ap bawou asirans epi pri kouvèti a. Sa pa valab pou plan swen alontèm.

Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sante sou w ou pou devlope pi bon sèvis pou w ou.

Egzanp 2: yon doktè kap trete w pou yon maladi kwonik mande yon doktè nan pwogram nou an enfòmasyon sou eta sante w ak medikaman w ap pran pa egzanp, pou anpeche komplikasyon.

Peye pou sèvis sante ou yo

Nou ka itilize epi mete deyò enfòmasyon sante ou yo paske nou peye pou sèvis sante ou yo.

Egzanp: Nou pataje enfòmasyon sou w ou ak plan swen dan ou pou konvòdone peman pou travay dan ou yo.

Administre plan w

Nou ka pataje enfòmasyon sante w yo ak konpayi asirans sante w pou jere plan w lan.

Egzanp: Kontra konpayi w yo ak nou pou bawou yon plan sante, epi nou founi konpayi w la sèten statistik pou esplike prim nou chaje yo.

Kijan ankò nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou yo?

Nou otorize oswa blije pataje enfòmasyon ou yo nan lòt fason – nòmalman nan fason ki ale nan enterè piblik, tankou sante piblik ak rechèch. Nou gen pou satisfè anpil kondisyon ki nan lalwa, anvan tou kapab pataje enfòmasyon ou yo pou rezon sa yo. Epi de tout fason, si nou gen dosye pasyan ki gen pwoblèm pran dwòg pou w ou, ki anba 42 CFR part 2, nou pa kapab itilize oswa pataje enfòmasyon nan dosye sa yo nan ankèt oswa pouswit sivil, kriminel oswa lejislatif kont ou san (1) konsantman w oswa (2) yon òdonans tribinal oswa manda konparisyon. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou: <https://www.hhs.gov/hipaa/for-individuals/guidance-materials-for-consumers/index.html>

Ede ak pwoblèm sante ak sekirite piblik

Nou ka pataje enfòmasyon sante sou w ou pou sèten sitiyasyon tankou:

- Prevansyon maladi
- Ede ak pwodui yo rantre
- Rapòte reyaksyon alèji ak medikaman
- Rapòte abi, neglijan oswa vyolans domestik yo sispèk, sèlman jan lalwa mande sa
- Anpeche oswa bese yon menas grav pou sante oswa sekirite yon moun

Pou ijans medikal ou yo

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou yo ak founisè swen sante oswa pèsònèl nan ijans lè li nesèsè pou n founi w ak yon tretman ijan oswa pou repons ak yon menas grav ki preske rive oswa sekirite w, menm lè ou pa ka bay konsantman. Règleman HIPPA pou tretman ak pataj nan ka ijans otorize sa.

Fè rechèch

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon pou rechèch sou sante. Chèchè pa ka mete ankenn enfòmasyon pou idantifye pasyan nan rapò yo sou rechèch la.

Respekte lalwa

N ap pataje enfòmasyon sou w ou si lwa eta oswa federal yo mande sa, tankou ak Depatman Sante ak Sèvis Moun si li vle wè ou respekte lwa sou pwoteksyon vi prive federal.

Reponn ak demann don ògann ak tisi epi travay ak yon doktè lejis oswa direktè finèb

- Nou ka pataje enfòmasyon sante sou w ou ak òganizasyon apwovizyònman ògan.
- Nou ka pataje enfòmasyon sante ak yon doktè lejis, doktè kap fè ankèt sou lanmò sipèk oswa direktè finèb lè yon moun mouri.

Reponn ak demann konpansasyon pou aksidan travay, lapolis ak lòt demann gouvènman

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante sou w ou:

- Pou reklamasyon konpansasyon pou aksidan travay
- Pou rezon aplikasyon lalwa oswa ak yon responsab lapolis
- Avek ajans siveyans sante pou aktivite lalwa otorize
- Pou travay gouvènman espesyal tankou sèvis militè, sekirite nasyonal ak pwoteksyon prezidan.

Pouswit Jidisyè ak Pwosedi Legal

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou yo **jan lalwa otorize oswa mande sa** lè n ap reponn ak yon pwosedi jidisyè. Sa gen ladann pataj pou reponn ak yon **òdonans tribinal valid, manda, asiyasyon, oswa lòt pwosedi legal**, konsistan ak regleman HIPAA pou pwosedi jidisyè ak administratif (45 CFR §164.512(e)) ak demann -lapolis (45 CFR §164.512(f)). Lè n ap reponn ak demann legal, nou mete deyò **sèlman enfòmasyon yo mande epi** nou respekte tout kondisyon ak limit HIPAA enpoze yo.

Kominike ak pwogram nou an ansanm ak antreprenè

Nou ka itilize epi mete enfòmasyon ou yo deyò anndan plan sante nou an epi ak òganizasyon ki ede nou jere pwogram nou an san bliye antreprenè ak biznis asosye kap bay sèvis pou nou. Pataj sa yo rive sèlman jan HIPAA otorize sa pou aktivite swen sante.

Reponn odit ak siveyans pwogram

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon ou yo pou siveyans sante ak aktivite swen sante. Sa gen ladann pataj ak ajans gouvènman ki gen otorizasyon lalwa pou l menmen odit, enspeksyon ak aktivite lisans, epi ak òganizasyon akreditie pou sipòte akreditasyon, evalyasyon ak amelyorasyon òganizasyon, epi evalyasyon pwogram plan sante nou an. Nou pataje enfòmasyon nesèsè minimòm yo sèlman jan lalwa mande sa.

Pataj ak Lapolis

Nou ka pataje enfòmasyon ak lapolis si nou kwè, ak tout bon fwa nou, li klè se yon krim ki komèt nan lokal nou yo, oswa pou deklare sèten krim pandan yon ijans medikal ki pa te rive nan lokal nou. Nan sitiyasyon sa yo, n ap mete deyò sèlman sa la lwa otorize nou nan sitiyasyon sa yo.

RESPONSABLITE NOU

- Nou blije jwenn konsantman w pou pi fò itilizasyon ak pataj enfòmasyon w yo.
- Nou blije dapre lalwa kenbe sekre ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje ou yo.
- N ap kite w konnen rapid si yon vyolasyon rive ki ka konpwomèt sekre oswa sekirite enfòmasyon ou yo.
- Nou dwe swiv obligasyon ak pratik pwoteksyon sekre yo detaye nan avi a epi ba w yon kopi
- Nou pap itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo ki se pa jan l esplik isit la sòf si ou di nou kapab alekri. Si ou di nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt kilè. Kite nou konnen alekri si ou chanje lide.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html.

Ak Konsantman w Alekri (42 CFR Part 2)

Si ou bay konsantman w alekri, nou ka itilize oswa mete deyò enfòmasyon sou Pwoblèm Pran Dwòg ou yo nan fason annapre yo:

- Bay moun oswa òganizasyon ou site nan konsantman w lan.
Part 2 otorize w deside kimoun ki ka resevwa enfòmasyon SUD ou yo atravè yon konsantman alekri.
- Pou anpeche plizyè anwolman nan jesyon retrè oswa pwogram tretman mentnans.
Part 2 otorize piblikasyon deyò pou rezon sa lè ou otorize sa ak konsantman w lan oswa jan lalwa otorize sa.
- Pou deklare medikaman pou tretman SUD yo preskri w bay yon Pwogram Siveyans Medikaman sou Preskripsyon nan yon eta.
Part 2 otorize tip piblikasyon sa lè lwa eta mandate deklarasyon sa.

Pwoteksyon Anplis pou Enfòmasyon SUD (42 CFR Part 2)

Pou dosye ki gen pou wè ak tretman Pwoblèm Pran Dwòg (SUD nan langa angle), nou papa mete deyò enfòmasyon ou yo nan nenpòt pouswit sivil, kriminel, administratif oswa lejislatif san konsantman ekri w oswa yon òdonans tribinal ki reponn ak egzijans 42 CFR Part 2 yo.

Reponn nan odit ak siveyans pwogram

Pou dosye Pwoblèm pran Dwòg (SUD) ki pwoteje nan 42 CFR Part 2, òganizasyon kap reyalize odit oswa evalyasyon dwe dakò

alekri pou pa remete deyò enfòmasyon ou yo epi dwe detwi oswa voye tounen enfòmasyon kap idantifye w lè odit oswa evalyasyon fin fèt.

Regleman pou Remete Enfòmasyon deyò sou Pwoblèm Pran Dwòg (SUD)

Si ou otorize nou mete deyò dosye SUD ou yo bay lòt founisè swen sante oswa plan sante pou tretman, peman oswa operasyon swen sante, benefisyè sa yo ka mete deyò enfòmasyon ou yo jans Règleman sou Vi Prive HIPAA. Sepandan, enfòmasyon SUD ou pa ka sèvi oswa sòti nan ankenn pouswit sivil, kriminel, administratif, oswa lejislatif kont ou sans konsantman alekri oswa yon òdonans tribinal ki reponn ak egzijans 42 CRF Part 2.

Na p mete ladann avi Part 2 ki entèdi piblikasyon enfòmasyon ki pa otorize ak chak piblikasyon enfòmasyon SUD.

CHANJMAN NAN TEM AVI SA

Nou kapab chanje tèm avi sa, epi chanjman yo ap valab pou tout enfòmasyon nou genyen sou w ou yo. Nouvo avi a ap disponib sou demann, sou sitwèb nou an, epi n ap mel ou yon kopi.

Other Instructions for Notice

- Effective Date of this Notice: 02/16/2026
- LCS Community Employment LLC
Michele Gavin; Director of Benefits
400 Locust Street, Suite 820
Des Moines, IA 50309
515-875-4500 or Michelegavin@lcsliving.com